

# EDIKE *ak* RANFOSE

Fanmie yo santi souvan ke yo pral pèdi rèv otosifizan pitit yo lè yo resevwa rezilta egzamen yon enkapasite devlopmantral. Sepandan, ak bon sipò, tou de fanmi yo ak mounn ak enkapasite devlopmantral yo ka pwospere ak akonpli objektif yo chwazi yo. Mounn sansib, se sa ki sufi! Ajans pou Mounn ak Enkapasite (APD) an ak leta epi prensip inklizyon sipò gouvènman federal la, detèminasyon pèsone, vi kominotè, bon tranzisyon vi granmoun, ak travay entegre. Fanmi yo, mounn ak enkapasite devlopmantral yo, ak Sipò Esepsyon Kowòdonatè yo dwe kenbe rèv de yon vi rich ak pen objektif tout tan.

Kolaborasyon se yon zam pwisan. Si filizofi sa se pou fè sikse, fanmi yo dwe ini fòs. Baryè yo dwe idantifye tout tan epi kraze ak pwogram epi règ ki an plas. Nou dwe travay ansanm pou byenèt tout mounn ak enkapasite devlopmantral. Ansanm, nou ka fè sa rive. Fè tan pou ou patisipe!



Family Care Council  
— educate and empower —

Misyon Konsèy Swen pou Fanmi Florida an se pou edike ak ranfòse mounn ak enkapasite devlopmantral yo ak fanmi yo, fè patenarya ak Ajans pou Mounn ak Enkapasite yo, pou bay yon sèvis de kalite bay mounn ak diyite epi chwa.

Yon Enkapasite Devlopmantral se yon mo ki refere a yon kantite kondisyon ki entèfere ak kapasite yon mounn pou fonksyone nan aktivite chak jou li yo. Chapit 393, Eitati Florida, defini enkapasite devlopmantral tankou:

Otism • Paralizi Serebral  
Sendrom Down  
Enkapasite Entelektyèl  
Sendrom Prader-Willi • Spina Bifida  
Risk Elve (3-5 Lane)  
Sendrom Phelan-McDermid



Family Care Council Florida  
[www.fccflorida.org](http://www.fccflorida.org)  
800.470.8101

# SERVING FAMILIES *since 1993*



Family Care Council  
— educate and empower —



— Creole version —

# Konsèy Swen pou Fanmi

Nan lane 1993, Lejislati Florida an pase loi (Estat Florida 393.502) pa etabli yon volontarya Konsèy Swen pou Fanmi (FCC) pou yo lokalize nan chak zòn sèvis Ajans lan pou Mounn ak Enkapasite (APD). Chak nan 15 FCC yo fèt pa mounn ki nome pa Gouvènè an ki gen yon enkapasite devlopmantral ki kalifye pou sèvis APD yo epi paran, frè ak sè, granparan, ak gadyen mounn ki gen enkapasite devlopmantral. Pou ajoute, anpil konsèy resevwa sipò nan men mounn ki entereze nan kominote lokal yo.

APD an gen pou responsabite pou sante ak pwoteksyon mounn yo ak enkapasite devlopmantral. APD sipòte mounn ak enkapasite devlopmantral ak fanmi yo nan ede yo idantifye bezwen ak lajan pou achte sipò yo ak sèvis yo.

Objektif pou chak FCC se pou avize APD, devlope yon plan pou bay sèvis sipò fanmi, epi monitore enplemantasyon an ak efikasite sèvis yo ak sipò ki bay anba plan.

## FONKSYON FCC YO

- Bay edikasyon ak sansibilizasyon bay fanmi yo
- Gade ak fè rekòmandasyon menm jan ak efikasite nan bay sipò ak sèvis yo
- Pataje enfòmasyon ak lòt Konsèy Swen pou Fanmi.



Chak FCC reprezante yon zòn jewografik ak travay ansanm ak ofis APD rejyonal la pou ede fanmi yo resevwa sèvis yo. FCC an travay tou ak lòt òganizasyon lokal pou mounn ak enkapasite ak pwogram pou bay aksè a sèvis yo ak opòtinite pou mounn ak enkapasite devlopmantral yo ak fanmi yo ki ka nan lis atant APD an.

Nou envite ou pou ou angaje ou nan konsèy lokal zòn ou an. Tout mounn byenvini. Li enpòtan pou ou patisipe nan desizyon yo ki afekte vi mounn ak enkapasite devlopmantral yo ak fanmi yo. Enfòmasyon sou konsèy lokal yo disponib sou sit FCC an, [www.fccflorida.org](http://www.fccflorida.org).



## NAN NIVO LETA

- Konsèy zòn yo travay ansanm atravè Konsèy Swen pou Fanmi Eta Florida (FCCF).
- FCCF rankontre pou pataje enfòmasyon ak preyoqipasyon yo ak konsèy lokal zòn yo. h local area councils.
- Manm FCCF yo sèvi tou nan plizyè nivo komite leta, inisyativ ak travay konsèn rezidan Florida yo ki ak enkapasite devlopmantral.

